Іулъхьэ хьэгъэщагъэ зыгуэрым илэжьыну кьулыкъущІэм кьишІамэ, абыкІэ Іэмал имыІэу хьыбар иригъэщІэн хуейщ зи унафэ щІэтым. Хьэл-щэным теухуа чэндж эщхэм ящыщщ кьулыкъущІэр лэжьапІэм зэщІэкъуауэ кІуэн зэрыхуейр. Апхуэдэу абыхэм хуэдэ зэрыхэм зэщІэкъуэкІэ, цыхуэхэм щаІуІщІэкІэ тутын ефэ у, Іуэжьи кІэ закьыкъуэ зэзыгъэзаэм епэгэкІыу, яфІэнэ у, ятекІиеу, зыгу эркІэ ягъэхъуанщэу.

Зи гугъу тщІа хабзэр зэрригъэзащІэ щыкІэрщ Іуэхур зытращІыхьынур, кьулыкъущІэр и кьалэнхэм пэльэцІэ пэмышІщэ кьащІальэтэкІэ. КьулыкъущІэмэ-тым, я нэхъ мащІэраУ, кьыщшъыдэнущ хабзэм зэрытетыр кьэзыщІэтэ комиссэ хэхам и зэІуцІэм, е, Іуэхур абыкІэ зэфІэкІ мыхъуну кьалъытэмэ, нэгъэщІ жэуап ткІийм ирашэлІэнущ.

А хабзэр сэбэп хуэхуэ ягъэ кьулыкъущІэхэм я тепльэм, лэжьэкІэм зихъуэжьныимкІэ? Псалъэм папщІэ, Орел кьалэм и нэрием езым и апхуэдэ хабзэхэр кьызэриштэрэ илъэсым щІигъащ, ауэ кьулыкъущІэхэм я лэжьэкІэ зэрыщІэ цыхуэхэм яхуэфащэ пщІэ хуащІу зэрыщымытымрэ теухуа тхьэусыхафэхэр нэхъ мащІэ хьуауэ гу лыптэркъым.

ПЕРЕДЕЛЬСКИЙ Денис.
«Российская газета»

●Франджы

Марин зигъэщэбэнукъым

Илъэс 38-кІэ политикэ утыкум итащ Лъэпкъ фронтым и унафэщІ, националист Жан-Мари Ле Пен. Ар и кьулыкъум текІыу зигъэпэхуну щытІысхьым, унафэр зыІэщІэлъ партми социалистхэм «уэху» жаІэжащ.

ЛЕ ПЕН и пІэм иувар абы ипхъу Маринщ. Ар и адэм ауэ жьыжьэуи кІэщІэсыжьыну, цІэрыІуэ мыхъуфынуи кьалъытэрт. АрщхьэкІэ цІыхум щаохэупщІыхьым жаІар уафэгъуагъуэм хуэдэу кьыщыхъуащ Франджым.

2012 гъэм Франджым и президентыр хаІэнущ. «Хэт щхьэкІэ Іэ фІэтынт?» - жаІэу щыщІэупщІэм, жэуап кьезытахэм я процент 23-м зи цІэ кьрАІуар Ле Пен Маринщ. Социалистхэм кьагъэльагъуэм Іэ хуаІэтынкІэ хъунущ процент 21-м. Президент зыІыкІуэр зыІыгъ Саркози Николяи апхуэдизэ дыдэщ кьыпІысар. Етхуанэ Республикэр зэрыщыІэрэ цІыхухэм дапщэрэ хэупщІыхьами, апхуэдэ бжыгъэ ильэсгъуакъым.

Франджыхэм ягъэщІагъуэ кьэхъуар икІи абы и щхьэусыгъуэр ящІэну хуейщ. Сэмэгухэм Саркози ягъэкъуанщэ. Абы иригъэкІуэкІа реформэхэм, псалъэм папщІэ, языныкъуэ лэжьакІуэхэр пенсэм щыкІуэну ныбжьыр илъэс 67-м зэрынигъэсам, куэд игъэгубжьащ. Ахэр арагъэнущ «лепенхэм» я лъэныкъуэмкІэ еуэкІари. НэгъэщІ политикэ щыуагъэхэри яІэ-щІэкІащ Саркози дэлажьэхэм. Псалъэм папщІэ, хамэ къэрал Іуэхухэмкі министр Альо-Мари Мишель мыупщІэж-мыуэжэу Тунисым и президент трахуам кьыщыхэщыжати, и Іэнатіэр ирагъэбгынащ. Абы кІэльагъэкІуэщ нэгъэщІ министритІи.

А псом теухуауэ телевидением щекІуэкІа нэтыным социалистхэми Саркози и лэжьэгъуэхэми цІыхум я гур кьымылъэщу. Абы и щхьэусыгъуэр цІыху Іэпхъэшапхъэу ди къэралым кьиухьэхэр зыми я нэІэ ткІийм зэрыщІэмытырщ. Картелхэм Урысейр афиянхэмкІэ «якудэну» хьэщІэзэІуэхэкІи кьагъанэркъым, ди гъунапкъэхэм укьиухьэным егъэлеяуэ гугъуехь зэрыхэмылъым трегъэгушхуэри. Псалъэм папщІэ, Урысей спецлужбэхэм я лэжьакІуэхэм нэгъабэ цІыху мини 3-м щІигъуяубыдащ, ди къэралгъунапкъэм гашиш кьызэпрашыну яужь иту. А щхъуэкІыр куэд дыдэу кьикІ хъуащ Афганистаным, Азербайджаным, Ираным.

Ивановым зэрыжиІамкІэ, героин, гашиш наркотик лІэужьыгъуэхэр щыныМкІэ Афганистанырэ псоми ятежьжащ.

- Иужьрей илъэси 3-4-м Афганистаным кьраш наркотикхэм я бжыгъэм хуэдибл хэхъуащ. Мы гъэр кьызэрихъэрэ ягъэ, мышІамк, гашиш килограмм 700 кьэрал гъунапкъэм кьащытехтащ, ар хуэдищкІэ нэхъыбэщ зигъэбэкьыІэрыхьам нэхърэ. Афганистаным ищн хьэзыру дыдэ мини 15-м нэс иІэщ, - жиІащ абы.

АдэкІэ пшэх зэрымыльнур арагъэнщ ОДКБ-м ООН-м и Совбезым зыщІыхуигъэзар афган наркотик лІэужьыгъуэхэр дуней псом дежкІэ щынагъуэу кьэльытэн хуейуэ.

Мы Іуэхум зэрыпэщІэтын щІыкІэр иригъэфІэкІуэн папщІэ, Урысейр СНГ-м хэт къэрал зыбжанэм гурыІуащ Азие Курытым хэгъуэгу информационнэ центр кьызІэкІэхьэнущ. Абы зэриГэуІун хуейщ афияным пэщІэт къарурэм я лэжьыгъэр. Къапщтэмэ, Урысейм мы гъэм долларэ мелуан 15 тригъэкІуэдэнущ центрым и лэжьыгъэр убзыхуэ хъунщ.

ФСКН-м и лэжьакІуэхэм иригъэвзэу кьыхагъэщІ наркотик зэзыхьэлІэ цІыхубзхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуэр. Псалъэм папщІэ, Урысей псом цІыхухъурэ цІыхубзу наркотик зэзыхьэлІэхэм я бжыгъэр 60:40-у зэхущытмэ, хэгъуэгу зыбжанэм ар 50:50-м щыхуэкІуащ. Урысейм учетым щыт наркоманэ мелуани 5 ищ. Илъэс кьэс къэралым цІыху мини 100 фІокІуэд - афиянымрэ ахэм епха узыфхэмрэ яГьалІэ. Ди жагъуэ зэрыгъэсэбэпынымкІэ Урысейм «рекорд» игъэуващ, дэращ абыкІэ дуней псом япэ итыр.

Гъатхэпэм и 10-м ирагъэжащ «Ажалыр щащэр кьыджефІэ» фІащащэу илъэс кьэс ирагъэкІуэкІ Іуэхур. Абы и фІыгъэщ, псалъэм папщІэ, афиян зыщэхэм, ахэр щыпсэуэхэм теухуауэ Россиер областым и наркополицейхэм хьыбар езыГащІэхэм я бжыгъэр хуэди 3-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуар.

БОГДАНОВ Владимир.
«Российская газета»

●Ставрополь

Чингисхъан и къалэр

Ставрополь къалэм дэтщ ЦІыхубэ творчествэм и унэ. Мы мазэр икІыукІэ абы щагъэлъэгъуэнущ щэшэн суратыщІ, и ныбжьым емылытауэ (илъэс 28-щ зэрыхъур) цІэрыІуэ хъуа Хасаев Чингисхъан и лэжьыгъэу 23-рэ. «Си къалэр зыхуэдэнур» - иращ абы фІищар зэгъэуІуауэ ягъэльагъуэ и лэжьыгъэхэм.

2009 гъэм Хасаевыр хэтащ гъуазджэм хуэхэхуэ Москва щекІуэкІа ещанэ дунейпсо фестивалым икІи абы щигъэлъэгъуа «Каньон» суратым кьыхуагъэфэщащ «Аплодисменты жюри» Дипломыр. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым а фестиваль дыдэм пэщ увыпІэр щиубыдащ «За трудолюбие и профессионализм» номинацэм. Куэд щІакъым ар США-м щекІуэкІа гъуазджэмкІэ дунейпсо фестивалым хэту кьызэригъэзэжра. Абы кьыздихьащ дыщэ медалрэ Токио, Париж щекІуэкІыну гъэльэгъуэуэ зэрыригъэфэдагъэ тхыльрэ. Абы «Гъатхэм и мэ», «1975», «2020 гъэ. Гроэнэ» зыфІища суратэхэр фестивалым и каталогым хагъэхуащ.

Ставрополь щекІуэкІа гъэльэгъуэныгъэм ар къэкІуащ и адэ-анэр, и щхьэгъусэр, и япэ егъэджакІуэу щытар и гъусэу. ЩІалэм бысымэхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи ЦІыхубэ творчествэм и унэм абы иритащ и Іэдакъэщ1экІэхэм я нэхъыфІхэм щыщ зы.

Хасаевыр Гроэнэм щопсэу, а республикэм и музейм щолажьэ.

БОГДАНОВЭ Светланэ.
«Российская газета»

●Къуэкіыпіэ Гъунэгъу

Рим къэрал Іуэхукіэ щыкІуам Каддафи дэщІыгъуащ «амазонка» 40. Ар абыкІи адрей унафэщІэм ещхькъым - а зыращ цІыхубз хъумакІуэхэр зиІэр.

«Гъущ1ыбжэр» зэхуэтщ1ыжыну къытхкъуэкІа?

Мы илъэсыр кьызэрихьэрэ къэрал ТІуэр зэрызо хьэ. Тунисымрэ Египетымрэ я президентхэр я кьулыкъуэхэм текІыи хуей хьащІ, зыкъызыІэтахэм къытракъуэзэри. Ливием Іуэхур щызэщІэпльэпащ.

«Эхо планеты» журналым и унэІэхэм жэуап кьрет Къуэкіыпіэ Гъунэгъу ужкІэ институтым и президент Сатановский Евгений.

- Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, геополитикэ зэхъуэкІыныгъэхэуэхэщ мы мазитым ди нэгу щІэкІыр. Іэнэу пІэрэ иджы кьыщыпхэудыр?

- Дэни кьыщыхъуфынущ апхуэдэ зэрызэхъэ. Псалъэм папщІэ, Ливием хуагъэфэщ хэхэрэтекъым, Каддафи Муаммар кьэралыр ткІийуэ и Іэмыщ1эм ильу кьалъытэрти. Мы къэралыр щыдагъэкІ беймк, кьызэрыщІэкІамкІэ, цІыхухэм я процент 30-р лэжьапІэпщэщ. Тунисымрэ Египетымрэ щыщыхъуам трагъэгушхуэу абыхэм зыкъаІэтагъэнущ. Цыхухэр иригъэшащ полиционнэ щІэзыфІэфІым, ахьшэшхуэ зытекІуэдэну проектхэр кьыхэзыльхьэу апхуэдэ кьабзэуи псынщІэ дыдэу щІегъуэжьм. Ливиер иригъэшащ ар зэм африкэ, зэм хьэрпуденймкІэ еБэкІын хуей зэррыхъум, цІыхухэм ящэжагъуащ полкованикым и гвардиер Украинэм щыщ и медсестрари. Ливием щыпсэухэм ягу иракъакъым Каддафи и бынхэр къэрал унафэщІхэм ящыщ ищІыну зэрримурадыр. «Революцэм и пашэу» фІэкІа нэгъуэщІ кьулыкъу зимыІэ Каддафи, итІанэ, зым и пащ-хьи жэуап щихьыркъым, къэралым щыпсэу Іуэху ахъшэр и Іэмыщ1эм ильщ, абы щыгъуэм, езыр тебгъэкІ хъунукъым. АфІэкІа цІыхухэм яхуэмыхьыжауэ араш.

Каддафи хуагъэзгъ ынкъым зыкъэзыІэтахэм Іэщэкіэ зэрахэуар. Хузбгъэфащэ зэрызыхунумкІэ, абы щагъуэ кьыпэплъэркъым. Ар щхьэзыфІэфщ, залымщ, игу ькІ-кІынур пщІэркъым. Саддам Хьусэйнрэ Жириновский Владимиррэ я кьэлхэр зэхэпльхьэрэ наркотики дэщІыбгъужмэ сыт хуэдэну? Араш Каддафи и хьэл-щэным и жьыпІэфынур.

Дэ дымыщІэр зыщ: хэт Каддафи и пІэм иувэнур? Диктатурым хуэфІэкІащ парт, политикэ структурэ льэпкъ Ливием щымыІэу игъэкъэбзэну

- Ливием нэгъуэщІ хьэрпуп къэралхэмэ сыт кьапэплъу щыпІэрэ?

- А льэныкъуэм илъэс гуэнэгъуэм фы льэпкъ щыІэну кьыщІэкІынукъым. Тыдэ щІэтэнщ, псалъэм папщІэ, Тунис, Африкэ Ищхъэрэм нэхъ зэпІэзэрыт дыдэу аращ щыІар. Египетыр и гущнэгъу Суданым, нэгъуэщІхэми елытауэефІакІуэр т ауэ псори зэуэ зэтещхащ. Иеменым щыпсэуэр зыгъэгубжьар Тунисымрэ Египетымрэ зыкьыщІалэтам хуэдабзэщ: а къэралым президент кьулыкъур 1978 гъэ лъандэрэ щІыбгъущ Абдалла Салех Али, 1990 гъэм щегъэжьауэ Йемен зэгугъаным и унафэщІ.

И кьуэр и пІэм иригъэувэну и мурадати, хуадакъым.

Нэрыльагъущ Йеменыр гуэша зэрыхьунур. Йемен Ипщэр шиитхэм ейщ. Ищхъэрэр – суннитхэм. Мыхэр зы къэралу зэрыуБыдьафыну кьыщІэкІынукъым, кьэлэпльэу пльагъурэ зэгурымыІуэщ. Йеменым и Іуэху тэмэму зэтемыуВэмэ, абы Оман Султанатри Сауд Хьэрыпрэ зэтриГэщІэфынущ. Перс псы дуней псом зэрыщІэтыну щыхьэрэщ ди кьарур зыхуэдунэтІыпхъэр, ермыхьумэ Америкэм деныкъуэкъуныркъым. ДенныкъуэкъуэкІы мыхьэнэ иІэкъым: гъатхэм е щымахуэм хууэмейуэ, гъэм и эмэн эрЬлэжьКІыгъуэхэм упэщІэувэным ещхьщ ар.

Епсэльар
ИВАНОВ Борисщ.

Журналист ныбжьыщIэхэм я кIыч

●«Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

IэщIагъэм и щэхухэм зыщагъэгъуазэ

«Адыгэ псалъэ» газетым мы махуэхэм щолажьэ КъБКъУ-м Филологическэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и студент гуп.

Етуанэ ахэр курсым. Ты гъэм зыщыкIыжьыщIэхэу Дыцу (Уэзэрокъуэ) ФатIимэ, Мэкъуауэ Дианэ, Тёмбот Залинэ, Тхьэмокъуэ Дианэ, Хьэмыкъуэ Iэсият, Хьуран Маритэ сымэ адыгэпэжыбгъэмрэ стилистикэмрэ я хабзэхэм, адрей предметхэм кьадэкIуэу, куу уз щыхьеджащ университетым. Пщащэхэр тхэным зэрыдихьэхым кьыхэкIыу, журналист IэщIагъэм и щэхухэм щыгъуазэ зыщыхуащ «Адыгэ псалъэм» и редакцэм. Ахэр кIэлъыплъащ газетым зэрелэжь щIыкIэм, корректорхэм я лэжьыгъэм, я кьалэмым и зэфIэкIэрэ ягъэуэнхуащ.

Нобэ ди газетым тыдодзэ абыхэм я тхыгъэхэм щыщхэр икIи дохьуэхьу кьыхах Iэщ1агъэм ку дрэ ирилэ жьэнц насыпрэ е хьуIэм зэрэ я1эну. Мы кьыдэжкIэ уэ зи тхыгъэ темыхуа ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэр газетым дяпэкIи тетынущ «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнх эр» рубрикэм щIэту.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и кьудамэм и унафэщI.

●Щапхъэ



Кьунаш Юлие

УнэтIакIуэ

Щыкiухэм я гупсысэм зегьэужьныным, пэщIэдзэ щIэныгъэ егъэныным, лъэпкъ гъэсэныгъэ ебгъэныным хущIокIуэ Налшык дэт лицей №2-м къепхуэу лажьэ «Незабудка» сабий сад № 15-р. ЗэрыштIэщи, дэтхэнэ Iуэхущ1апIэмэ и лэжьыгъэр зэрыдгъэкIыр сабийхэм я унафэщIым хэль гумызагъагъэм, жьыджэрагъым. Зи гугъу фхуэтшIынущ сабий садым и пашъ Кьунаш Юлие хэльа а хьэл-щэнфIхэм ирин зыкюмкIэ абы и фIыгъуэ кьыщIэкIынщ Iэнатiэм и Iуэху еф1акiуэу, екъуIэныгъэхэр зыIэригъэхьэу зэрыдгъэжьэр.

АДЫГЭМ игъащIэм жеIэ: «Гуп зыгъэг упыр гуп и уасэщ». Садым и Iужьеиныгъэхэр Iуэхум тегушхуэным, гъэсакIуэхэм кьапщыт кьалэнхэр ныкьуасныгъэншIэу зэрызэфIахьыным, Iуэху зехьэкIэщIэхэр, иджырей гъэсэныгъэ методикэхэр кьагъэсэбэпыным ахэр хуиунэтIу мэлажьэ Юлие. Сабийхэр егъэджэным, гъэсэным зи гъащIэр тезыуху я бзыльхугъэ щыпкъэр ильэс 18-м щIигъуэу я иролажьэ и Iащагъэмэ, зы махуэ хущIегъуэжакьым ар кьыIэорыхухэм.

- ЩIэблэр гъэсэныкIэ, дауи, псом яп1 жэуап зыхьыр унагъэращ, абы кIэлъокIуэ сабий садыр, школыр, - жеIэ Юлие. - Сабий гъэсапIэм щыщIэ зэманым кьыщIедгъэсабийм и зэхэщIыкIым, дзэныхьэх уиэтIыныгъэ хэмхэм зэужьыным. АдэкIэ, школ ныбжьым нэса иужь, еджакIуэм еукъуэдий щIэныгъэм адэкIэ зэрыхуэкIыну гъуэгур, егъэтIылъ гъащIэм, дунейм и зэхэлъыкIэм теухуа и гупсысэхэм я лъабжьэгр. ЕгъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм ди кьалэнщ абыхэм я гупсысэр, я акъылыр фIым хуэдизэуцIынущ.

Юлие Бахьсэн районым хыхьэ Куба кьуажэм кьыщалъхуащ. Курыт школыр кьнуха нэужь, ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м физикэмрэ математикэмкIэ и факультетым. ЕхьулIэныгъэфIэхэр иIэу еджэныр кьнуха нэужь, егъэджакIуэ Iэщ1агъэр фIыуэ зыльIагъу Юлие я кьуажэм кьыгъэзэжащ, ауэ зы мазэ фIэкIа мыгъэкIэрэ ягъэзэжащ. Абы къыхэкIыу ар инженер-программисту щыIэжащ «Къэббалькьпромстрой» Iуэхущ1апIэм.

И Iэщ1агъэкIэ литературэмрэ лирикэмрэ пэжыжьэмэ, Юлие, зэрыжиIэжьымкIэ, сыт щыгъуэ дихьэхьыу щытащ адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Абы иджыпстуи гукIэ ещIэж Щоджэнщ1ыкIу Алий, Кьыщокъуэ Алим сымэ я усэхэр, я тхыгъэ нэхъ инхэми щыгъуазэщ. 1993 гъэм КъБР-м и Правительствэм унафэ кьиштащ щытащ сабий садхэмрэ школхэмрэ нэхъ зыIубгъуэуэ адыгэбзэмрэ балькьэрыбзэмрэ щрагъэдждыну. ЕгъэджакIуэ Iэщ1агъэм зи гур ящIэбгъэ бзылъхугъэм я гъэ дыдэм кьиухащ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхах ъуэ институтым адыгэбзэмкIэ и курсхэр икIи анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ иригъаджэу сабий садым уваш. Илъэси 7-м щIигъуэкIэ апхуэдэу лэжьащ, 2001 гъэм Кьунашыр садым и унафэщI хъущ.

Iэзагъэр гулыитэрэ хэлъу и Iэнатiэр езыхьэкI, езым и щIэныгъэмрэ анэдэлъхубзэмрэ и гъэсэн щыкIуэм ябгъэдэлъхьэным ерыщу хущIокъу хэкупсэщ Юлие. Ар ирогушаэ ди сабийхэм ящыщ куэдым анэдэлъхубзэр зэрамыщIэм, ящIэныр зэрыхуэщIамыкIым. Юлие зэрыхуэдэрикIэ сабийхэм ярегъащIэ адыгэ хабзэр, дрегъэхьэх ди усакIуэхэм, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм.

- Уи бзэм щыщыкIэтным, ар зэмыпсэкьынным нэхъ икIэ зыри щыIэкьым, - жеIэ Юлие. - Арацу ди щIэблэм анэдэлъхубзэр яIурылъу, фIыуэ яльагъуу, и дахаэщ, Iэфiагъэр зыхащIу ныкъуэгъэжьыным дыщIыхущIэкъуэр, абы хуэгъэпса хэкIыпIэ псори кьэдгъэсэбэпыным дыщIыхуэпабгъэр.

Апхуэдэ Iэмалхэр сабий кьыщагъэсэбэп махуэгъэсыным ит махуэщхуэхэр щагъэльапIэм дежь. Куэд щIакьым, псалъэм папщIэ, Щоджэнщ1ыкIу Алий кьызэрыхуэрэ илъэсищэрэ щыIэр зэрыркьыжьу ирикъэпIэу садым спектакль зыбжанэ зэрыщагъэуврэ. Псалъэм папщIэ, "Щымахуэ жэщ", "Кьамботрэ Лацэрэ", "Мадинэ" тхыгъэхэм кьытращыкIа тепльэгъуэхэр гущIэхэр щыджэгу театрым и щыфэпкIэм ити зэрыуваш гъэсакIуэхэмрэ сабийхэмрэ, адыгэбзэкIэ усэхэм кьеджащ.

ГъэсакIуэ Iущым ущепсальэкIэ, гу лъу мытынкIэ Iэмал иIэкьым ар игурэ я псэрэ етауэ и Iащагъэм зэрыбгъэдэтым, сабийхэр фIыуэ зэрильагъэм. Юлие зэрыжиIэмкIэ, сабийр фIыуэ у умылъагъуэ, садми, школми щыщIэн щыIэкьым. И лэжьакIуэхэр кьыщыхихIи, псом апхуэр зэпIыр арац.

Сабийр сыт и лъэныкъуэкIи щколым хуэхьэзыр хьун папщIэ, садыр иролажьэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ программэ пэрытхэм. Ауэ щIэныгъэм и закъуэкъым Iуэхущ1апIэм гулыитэ хэха зыщыхуэщIыр, атIэ сабийхэм я узынщагъэмэ мыхьэнэншэу я ират. Псалъэм папщIэ, гуп щхьэхуэ кьыщагъэгъэнущ1ащ сабийхэм я папщIэ. А щыкIуэхэм я пшIэхэм щIэтщ жьыр зыгъэкьабзэ Iэмэпсымэхэр, я лъэгуэхм иль ал эрыбгъэуэн сабэ зыхэмыхьэхэм хуэдэщ. Апхуэдэу дзыхьэхэр елыитауэ, сабий щолажьэ гупжьей зэхуэмыдэ зыбжанэ.

Лэжьыгъэ купщIафIэ щыIэфIах Iуэхущ1апIэм кьекIуэлIэр кьалэдзэ сабийх эм я закъуэкъым, атIэ я ужэ гъэнгъуэхэмэ щыпсэу щыкIуэхэм кьоКIуэ. Iэнатiэм и унафэщIм абы и лэжьакIуэхэмэ кьахуэарэзыщ адэ-анэхэр.

Гуп ущынщэм, абы и пашэ Кьунаш Юлие сымэ дохьуэхьу екъуIэныгъэ я1эу щIэблэр гъэсэн Iуэхум куэдрэ пэрытыну, узынщэу псэуну.

УЭЗРОКЪУЭ ФатIимэ.

Хъубар

ТхьэIуэхудым и кIуэдыкIар

**Зэгуэрым, адыгэ тхыдэр фIэгъэщIэгъуэну, урыс пащтыхьыр щIэупщIат абы нэхъ куууэ щыгъуазэ зэрызыхуищI хъуну щIыкIэмэ, иужьрей адыгэпщ Жанхъуэт Кушыку абы жэуапу иритащ: «Дэ ди тхыдэр ди лIыжьхэращ». ЦIыжаIа лъэхъэнэ ельытауэ а псалъэхэр пэжщ, сыту жыпIэмэ, тхыбзэ зимыIа адыгэхэм я тхыдэр зэрэдгъэ я1ужьыгъэ я1уэтэжурэщ зэрахъумар. Зи гугъу фхуэщIыну хъыбарыр си анэшхуэм сыцIыкIуу кьыскуиIуэтэжауэ щытащ, езым и нанэм кьыжриIэжауэ. Абыхэм я пэжагъым шэч кьыщытепхьи щыIэщ, ауэ, сыт хуэдэу щытми, дэтхэнэ зы хъыбарми кьежьапIэ, кущIэ гуэр иIащ.

Си анэшхуэм кьызэрыэжиIэжам хуэдэу ар фи пащтыхьэ изолъхьэ.

«ДЭ ЛЪЭПКЪКIЭ ды-абазэщ. Си анэшхуэм зэрыжиIэжьымкIэ, абазэхэр щыпсэууэ щытащ Псыхуабэ кьалэм пэмыжьэу щыса щхьажэ щыкIуэм. Абы кьиIэпхъыкIри, лъэпкъыр Балъкъ Iуфэ зыкIэпхъуащ, адыгэ кьуажэхэм кьахэтIысхьащ. Абазэхэр псори зэрыIыгъыу, зэхуэхуфэ хъыбар куэд жаIэжу щытащ. Езыр сабийуэ мис анхуэдэ зы зэхуэс гуэрым щыIэзихащ си анэшхуэм я ныбжьым.

Абазэ жьыпи щыщ зы унатъуэ гуэрым нысэ яIэти, абы хъыжьэбз щыкIу игуэшатащ. Сабийр, зэрыжаIэмкIэ, дахэ быдэт, нэфыгъуэ зытрамыгъапIэхэм хуэдэт. Зы махуэм нэхъфэ кьэкIыжьауэ нэхъ дахэ хуэрт сабийр. И адэ-анэр абы ирихуэIэным и пIэкIэ, нэхъ нэщхъей, гузавэ хъуэхрт, сыту жыпIэмэ зыхьэжбэз щIыкIуэхр ядыгуэрэ щащэ зэманти, дзыхь тращIэртякъым. Абы кьыхэкIи сабийр кьэзыльхуахэми адэ кьуэшхэми сакъыу яхьумэрт. Ауэрэ хъыджэбз тхьэIуэхудыр ильэс тщыкIухьым нэсащ.

Махуэ гуэрым анэр жьэгум дэст щыдгIыну, хъыджэбзри кьыбгъэдэсу. Адэри щIантIэм щыIэльауэу дэтт. Абы хэту дунейр зэуэ кIыпI кьэхуащ. Ар къызыхэкIар кьахуэщIакъым зэщхьэгъуэхэм, ауэ дунейм нэхъ нэху кьыщыхуэкам я сабий закъуэр кьабгъэдэсыжтэкъым. Адэ-анэм щIантIэр кьажьыхащ, я пхъум еджэуРэ. Джэ макъ зэхэзыха зэкъуэшхэр, гъуэгуанэр кьызэхуэсащ, кьэхъуIар кьагурымыIуэу. Iуэхур зыIутыр кьыщащIэм, псори хъыджэбзым и пхъыхьакIуэ ежьащ, ауэ, сыт хуэдизрэ пхъыхьами, тхьэIуэхудыр ягъуэпыжакъым. Ар бзаэкат, зыгъэгуаи тепIэаи щымыIэу.

Хъыджэбзым и Iуэхум игъэгулэз зэкъуэшхэр чы-тапапIэ гуэрым дежкIуащ. ХъыбарыфIым щыгугъэшу ежьа зэшхэм мыр кьажриIащ Iэзэм: «Хъыджэбзым щхьэнэ фымыгуэдзэ. Адэ-анэм дежкIэ ар, дауи, гукъеуэшхуэщ, ауэ а сабийм фипыкIащ игъащIэкIэ: ар зэрытхьэIуIухудым кьыхэкIкIэ щхьэгъбзэ щIыну уафэм щыпсэу мелыIычым ихьащ. Фымыгъ, фымыбзэ, Алихьым фи Iуэхур егъэтIылъыпIэ. Игъащ1экIэ фи лъпкъфи фи жьлэри ерыскьынщ фихъунчкъым, фи хъыджэбзым и Iуэдам и сэбэнкIэ. Ахуэдэ насип псоми кьайщIэркъым, апхуэдэ къыщхьэгъри илъэс мин бжыгъэхэм зэщ. А къэхуьам щхьэкIэ къурмэн фымыщIу хъунчкъым. А псом нэмыщI, хъыджэбзыр зэрахъ жьэгум зэи мафIэ щфIщIи, фпыщпщафIи хъунчкъым. А жьэгум зауэ гуащIэм хэта цIыхум и нэгум щIэкIам хуэдиз и фэм дэкIащ. Фэ фIьаэгъуэ кьым армыхъумэ, ар псори пIэгъэ защIэщ. Жьэгур дахэу вгъэкъабзэ, атIэкIэ кIыкIкI, жьэгум и бдынхэм хижьы сэху тефкIэ. ФызэрыпщафIэу щIэта лъэхъщри чэсейрэху жьэкIэ щIэфхъуэмэ».

Зэшхэр я унэ кьекIуэлIэжащ, кьэхъуа псори хъыджэбзым и адэ-анэм хуаIуэтэжащ.

Зэманыр кIуэрт, адэ-анэм я гуауэр нэхъри нэхъ хьэлъэ хъурт: анэр гъыгъэ нэф хуIным нэсат, адэр псы сымаджэу пIэм кьыхэнэжат. «Зэ закъуэ нэхъ мыхъуми ды1упIъэжарэт ди хъыджэбз закъуэм», - хуапсэрт ахэр.

Махуэ гуэрым цIыхухэм тхьэIуэлъIу яцIу пщIантIэм дэту, дунейр зэуэ кIыпI къэхуащ. Пльэмэ, цIыху зэхэтхэм кьалъэгъуащ уафэм пкIэлъеI кьехьу. Зэуэ псори щым хуащ, жаIэнур ямыщIэжу я бзэр ищыдащ. А пкIэлъеIм тету уафэм кьехащ кIуэдауэ щыта хъыджэбзыр, зэрыдахэм нэхъ рэ нэхъ дахэж хъуащ. Зы тэлайкIэ щыму щытри, пкIэлъеIм теуэвэри дэкIуейкащ. Абы и ужькIэ тхьэIуэхудыр зэщ зыми итъагъуакъым. Адэ-анэм я гуф нэхъ зэгъэжауэ, я дуней Iыхьэр яухащ.

А псоф кьызэрыхьырэ зэман куэд дэкIат, цIыхуэхэми а хъыбарыр я1эщIэгъуэщыкIыж хуэдэуи хъуат. Ауэ, атIэхэми хуэдэу, жьэгум зыри бгъэдыхьэрт энтхъэм, унэри нэщIу щытт.

Зэгуэрым унагъуэм къаша нысащIэм мурад ищIащ зыри зыбгъэдэмыихь жьэгум закъримыгъэщIэу пIастэ щищIыну. Пастэпс кьэкъуалъэм хугур хикIутэну нысащIэр щыбгъэдыхьэм, ар зыгуэрым псывэм хидза хуэдэу зэуэ абы хохуащ. Iэ1эгъаIуэ ин кьэхъуати, пщIантIэм дэтхэр унэм щIэльадэри, Iуэхугъуэ шинагъуэм IупIащ, нысэ мышыкIэр щыуаным кьыхалъэфыжащ. Зыми хуэгъэхъужакъым нысащIэр, сымаджэу пIэм кьыхэнэжащ.

Иужьки Iэ а жьэгум зыри бгъэдыхьэжакъым, ягъэкабзэ фIэкIа. Унэри ещIэ кьэуэжыху щытауэ жаIэж.

Мыр кьэхъупауэ жаIэ, си тIасэ. Къэзгупсысаци хэлъIакъым. Си анэшхуэм тхьэ щIыуэжьыт, а жьэгур зыщIэта унэ лъэпкъэжар илъэгъуауэ, езыр щыцIыкIум щыгъэ, ар хъэбза сабиим джэгупIэу я1ауэ».

Зытхыжар

ДЫДУ ФатIимэщ.

●ЩIэблэ зэчинфIэ

Жаннэ и ехъулIэныгъэхэр

Ди республикэм и студент нэхьыфIхэр ильэс къэнэжъ саутэт зэхэумыдэхэмкIэ, стипендие хэхъахэмкIэ, Усакiуэ ныбжьыщIэхэм ират хабзэ Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэкIэ щыIэ стипендиер мы гъэм хуагъэфащащ Къэбардей-Балъкъэр къралъхьэ университетым Филологическэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и факультетым и студент щIэныгъэм и курсым щIэс Хъуэжэ Жаннэ. Пщащэ щыщкъым ар кьихьащ лъэпкъ уэсыгъэм хуищI хэльхьэныгъэ дахэмкIэ.

БАХЪСЭН районым хыхьэ Дыгулыбгъуэй кьуажэм кьыщалъхуащ Хъуэжэр. Школым щIэсыкIэ предмет зэхуэмыдэхэмкIэ олимпиадэ кьущIэм хэтащ, текIуэныгъэхэр кьыщихьу. Жаннэ нэхъыфIу илъагъу икIи кьехъулIэ предметхэм ящыщт адыгэбзэмрэ литературэмрэ. Курыт школыр кьызэриухыри, бзэмрэ литературэмрэ нэхъ куууэ иджын мурадкIэ, ар щIэтIысхьащ ди университетым адыгэбзэмкIэ и кьудамэм.

Хъуэжэр зэрыщIыкIуэр дежьэх усэ тхыным. Абы и усэхэм гупсысэ куу ящIэлъ, бзэ дахэкIэ тхащ, удэ ящыгъэхщ. И ныбжьым емылъыкIуэ, Жаннэ и усэхэм яхэтщ гъащIэм куууэ уезыгъэгупсысхэр. Бзэм и Iэмал зэхуэмыдэхэр кьигъэсэбэнуэр, Хъуэжэм и усэхэм кьыщегъэлъагъэ мамырыгъэм и лъпIагъэр, дзагъуныгъэм и кьабзагъэр, пэжагъэм и быдагъэр, гъэм и зэманхэм я дахагъэр. Апхуэдэу усакIуэ ныбжьыщIэм кьохьуэгъуащ уафэм пкIэлъеI кьехьну. Зэуэ псори щым хуащ, жаIэнур ямыщIэжу я бзэр ищыдащ. А пкIэлъеIм тету уафэм кьехащ кIуэдауэ щыта хъыджэбзыр, зэрыдахэм нэхъ рэ нэхъ дахэж хъуащ. Зы тэлайкIэ щыму щытри, пкIэлъеIм теуэвэри дэкIуейкащ. Абы и ужькIэ тхьэIуэхудыр зэщ зыми итъагъуакъым. Адэ-анэм я гуф нэхъ зэгъэжауэ, я дуней Iыхьэр яухащ.

А псоф кьызэрыхьырэ зэман куэд дэкIат, цIыхуэхэми а хъыбарыр я1эщIэгъуэщыкIыж хуэдэуи хъуат. Ауэ, атIэхэми хуэдэу, жьэгум зыри бгъэдыхьэртэкъым, унэри нэщIу щытт.

Зэгуэрым унагъуэм къаша нысащIэм мурад ищIащ зыри зыбгъэдэмыихь жьэгум закъримыгъэщIэу пIастэ щищIыну. Пастэпс кьэкъуалъэм хугур хикIутэну нысащIэр щыбгъэдыхьэм, ар зыгуэрым псывэм хидза хуэдэу зэуэ абы хохуащ. Iэ1эгъаIуэ ин кьэхъуати, пщIантIэм дэтхэр унэм щIэльадэри, Iуэхугъуэ шинагъуэм IупIащ, нысэ мышыкIэр щыуаным кьыхалъэфыжащ. Зыми хуэгъэхъужакъым нысащIэр, сымаджэу пIэм кьыхэнэжащ.

Иужьки Iэ а жьэгум зыри бгъэдыхьэжакъым, ягъэкабзэ фIэкIа. Унэри ещIэ кьэуэжыху щытауэ жаIэж.

Мыр кьэхъупауэ жаIэ, си тIасэ. Къэзгупсысаци хэлъIакъым. Си анэшхуэм тхьэ щIыуэжьыт, а жьэгур зыщIэта унэ лъэпкъэжар илъэгъуауэ, езыр щыцIыкIум щыгъэ, ар хъэбза сабиим джэгупIэу я1ауэ».

Зытхыжар

ДЫДУ ФатIимэщ.

Хъуэжэ Жаннэ

ЛIэ Хэкум, зыщалъхуа щIыпIэм, ди лъэпкым ятеуэху тхыгъэхэри.

Усэ тхыным кьыдэкIуэу, бзылъхугъэ щIыкIур хуабжьу дехьэх журналист IэщIагъэмэ. ЕджапIэм кьыщдэхуэ зэманым ар щолажьэ телевидением икIи Iуэху зэхуэмыдэхэм ятеуэху нэтын гъэщIагъэнхэр гъахьэзырным хущIокIу.

Дыщогугъ Жаннэ и Iащагъэм адэкIи хигъэхъуну, льагаIпIэщIэхэм нэсыну, ди адыгэ лъэпкъыр зыщыгугъ фIыкIын, зэрыгушхуэн щхьэ кьыхэкIыну. И усэхэм ящыщ зыи фи пащхьэ идольхэ.

ХЬУРАН Маритэ.

Насыпым и уасэр

Цыху лъагъуныгъэм и Iэфiагъыр,
ЩIэзмыгъуэтыжым, зыхэсщIащ.
НыбжьыкъэгукIэ зэджэм и лъапIагъыр,
ЩIэзмымыIэжьм, сэ къэсщIащ.

Си гухэлъ Iэфiхэр сIэщIэкIыжри,
Дуней гугъуехым сыIуущ.

Зы махуэм адрейр и ужь итмэ,
КьызощIэ, гъащIэр мыужьыха...
Насыпым уасэу гуауэ щIэстми,
Дэнэ щысщIэн Тхьэм схунухар?...

Кьэрмокъуэ Марьянэ

Псэм фIэIэфIщ

Ди къэралым щIэныгъэм зэрызыщиужьыр яп1 дыдэу зи фIыгъэхэм ящыщщ школ егъэджакIуэхэр. Дэтхэнэ щыхури егъэджакIуэу лэжьэфынукIым, абы щхьэкIэ я Iащагъэ укьыхуахьуакъуэу, сабийхэм я Iащагъэ ильэс 20-м щIигъуауэ щолажьэ Тэрч куейм хыхьэ Новэ-Хьэмидей жылэм дэт курыт школым. ЕсэпIыр щIэблэм яригъажьу.

ДЭЗЫКЪУЭ куейм щыщ Малкэ кьуажэм кьыщалъхуа бзылъхугъэм и насыпт Тэрч щыналъэм щыIэу, и зэфIэкIхэр абы щыпсэу ныбжьыщIэхэм ярихьэ лэну хэт и гугъэнт? Курыт ерджанIэ нэужьым Марьянэ КъБКъУ-м есэпымкIэ и кьудамэм щIэтIысхьащ. 1989 гъэм ерджанIэ нэхъыщхьэр кьиухри, арягъэкIуащ егъэджакIуэ зыхуэримыкIу Новэ-Хьэмидей курыт школым. ПальэкIэ жылэм лэжьакIуэ кьитъэкIуа пщащэм ильэси нэхъ дэмыкIыу и насыпыр абы щыуващ икIи апхуэдэщIыкIэ а щIыпIэм кьыщынауэ щытащ.

Iэужьыр зэрыщIидзэрэ Марьянэ 5 - 11-нэ классхэм есэпыр ярегъэдж, классым и унафэщIщ, и лэжьэгъуэмэ сабийхэм фIыуэ кьальагъу, щIэрэ щIыхьрэ зиIэ егъэджакIуэщ. Ар цIыху Iэдэбщ, гумызагъэщ, и лжьыгъэм и кьару емыблэжьуи бгъэдэтщ. ЕгъэджакIуэ Iэкiуэльакiуэм 2009 гъэм кьыхуагъэфащащ школ унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и кьуддзэ Iэнатiэр.

Завучу лэжьэн зэрыщидзэрэ Марьянэ и ныкьэнхэм кьахэхьуащ, ауэ егъэджакIуэ Iуэхур абы щхьэкIи кьигъэнакьым икIи и пщэрыль псори хьарзынэу зэфIех. Апхуэдэущ Марьянэ щыIэр: адрей предметхэм кьащхьэщыкIыу есэпыр дерс гуГъуэ, Зыуэ щIыт кьэрал экзаменыр математикэмкIэ псоми зэратыр хэмытми.

Марьянэ и Iуэхуитiу ныбгъэхэм ящыщщ абы и еджакIуэхэм ящрайон зэпеуэхэм увыпIэфIхэр кьызэрыщащхьыр. И лэжьыгъэфIыр кьалъытэри, Къэрмокъуэм щыIэ-мыгъэ Iуэхуабгъэфэщащ егъэджэныгъэмкIэ куей Iэнатiэм и щыхь, фIыщIэ тхьылъэр, саугъэтхэр.

Школ унафэщIым и дежь кьыщыщIэзыу Зэкъошныгъэм ерэзэщIу Къэрмокъуэм и гъэсэныгъэмкIэ щIэныгъэр зэрыгъэсыр. Ар цIыху щIэныгъэр зэрыгъэсыр ди гугъэщ, Зыуэ щIыт кьэрал экзаменым и хьэдагъэ етыным - зэдзууэ елэжьу гупыр дапщащэ зэрэщIыгъуу, гуфIыгъуэ гу гуаэри зэдгау эшу. Апх уэдэу, Марь янэ и щхьэгъусэр дуней щем щехьжам щыгъуэ, и лэжьэгъуэмэ и ныбжьэгъуэмэ я гуаэшхуэр кьыдагъэ псынщIащ я зэхэщIыкIкIэ, гулыитэкIэ. Сабиищыр зыхуей ХунгъэIэзэн хуейуэ ерыщу щIыпIэ гуэрым щыIэ медицинэ кьиухри, Москва дэт кьэрал университетым щIэтIысхьауэ дзэ дохутыру йоджэ. ЕтIуанэ ныбжьыбзэщIр ебгъуанэм, щIалэр еханэ класым щIэсщ.

Дэтхэнэ щыхуми мурадрэ гуГъэрэ иIэщи, сыхьат Марьянэ и плъапIэ хэр кьехьу лэну, псэм фIэIэфI и Iэщагъэм щиIэ екъуIэныгъэхэм зэхуэсу, узынщэу и сабийхэм кьуэдрэ ящхьэщыгъэну.

МЭКЪУАУЭ Дианэ.

●Спорт хъыбархэр

Кикбоксинг

Медаль зэхуэмыдэу 16

Ижьыблагъэ Ставрополь щекIуэкIа Кавказ Ишхъэрэ Федеральнэ щIыналъэм кикбоксингымкIэ и чемпионатым КъБР-м и команд кьыхэхам фIы дыдэу зыкьыщигъэдэхуащ. Абы хэтаи спортсмен 40-р. Ди республикэм и щыхьэр щIыналъэ чемпионатым щызыхьумахэм ящыщу 16-м медаль зэхуэмыдэхэр кьахьащ.

1997 - 1998 гъэхэм кьалъхуахэм я зэхьэзэхуэм етIуанэ щыхьащ Фомыт Инал (кг 70), жэз медалькIэ кьахьащ Кьаногъуэ Къэшэтрэ (кг 36-р) Елей Джэбрэилрэ (кг 48-р).

1995 - 1996 гъэхэм кьалъхуахэм я дежь пашэ щыхьащ Хьэщпакь Анзоррэ (кг 51-р) ДыщэкI Мурат (кг 63,5-р). Дыжьын медалыр кьылъысащ ДыщэкI Марат (кг 71-р). Ещанэ хьуащ Медалы Алимрэ (кг 45-р) Хьэмгъуэкъуэ Алимрэ (кг 51).

1993 - 1994 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэм я деж хьыджэбз щIыкIуэхэм я зэхьэзэхуэм кьапэлъэщIыну Кьаногъуэ Анжеликрэ (кг 56-р) Кьаногъуэ Бэлэнрэ (кг 60). Борэ Кьантемырэ (кг 51-р) МафIэдз Азэмэтрэ (кг 67-р) ещанэщ.

1992 гъэхэм кьалъхуахэм абыхэм нэхърэ нэхьыжьхэрэ я зэпеуэм дыщэ медалхэр кьащылъысащ БещIыкIу Хьэзэтрэр (кг 54-р) Саралидзе Айдинрэ (кг 63,5-р). Бейтыгъэш Асльэн (кг 75-р) дыжьын медалыр кьихьащ. Уэжь Алим (кг 75-р) ещанэ увыпIэм кьыщыуныIащ.

Чемпионатым техникэ нэхьыфI кьыщигъэльэгъуауэ кьалытащ ДыщэкI Мурат.

Ди спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхъзыращ ДыщэкI Асльэнэбэч, БещIыкIуэ Зауррэ Зуберрэ, Апажэ Рашид, Къудей Алим, Саралидзе Айдин сымэ.

Бабугент зыщеужь

Бокс

Шэрдж районым хыхьэ Къэщкъэтау ДЮСШ-м и тренер-егъэджакIуэ Гуменов Хьусей езым и мылькум кьыхэкIыу ныбжьыблагъэ Бабугент кьуажэм кьыщыщIэуцIуахи боксым щыхуагъасэ клуб. Абы щIэнэну екIуэлIэну Iэмал яIэщ гукъыпэж зиIэ сабий щоIэр.

- Сэ СЫЗЭРЫЩIыКIУРЭ боксым сыдихьэхыу щытащ, - жеIэ Туменовым. - Си кьуэхэри си гъащIэм ирикIуащ. Ауэ уи щхьэм зыхуэбгъэсэныр спортым профессиональнэу убгъэдыхьэныр - зэущхьэщIыныгъэщхуэ иIэщ. Зыхуэфащэхэм зэтеуэпщауэ ушытыж хуейщ боксым екъуIэныгъэ гуэрхэр щызыIэрыбгъэхьэн щхьэкIэ.

Пэшым щIэт тренажерхэм я нэхьыбэр Хьусей езым и Iэкiэ зэпкрыдлъхьэжахэщ, абыхэм хуэдэ зыщIыпIи щыбгъуэтыныгъкым. КьинщынэмыщIауэ, сабийхэр зэригъэхьэзырым методикэ щхьэхуэ зэхилъхьэжауэ мэлажьэ. Боксым щыхуагъэхьэзыр пэшыр зэрылъжьа мазиплIым кьрыубгъуэу абы кьэкIуалIэхэм я зэфIэкIкIэм хэхъуащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Фриевым и фэеплъу

ХьэСЭНЕЙ жылагъуэм и Курортнэ зэрамыкIэ иджыблагъэ мы кьуажэм кьыщыщIэуахэ спорт клубымрэ дапэкIэ зэрахьэнущ мы гъэм и мазаем и 19-м щIэпхъаджащIэхэм гуузэ яуклIа, щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ кьулыкъым пэрыта Фриев Рэмэзан и цIэр. Апхуэдэу спорт клубым и гупэкIэ щагъэувынущ цIыху куэд зыхуэзарзыуэ щыта унафэщIым и фэеплъ.

Хьэсэней администрацэмрэ жылагъуэм и щыпIэ самоуправленэм и Советым и депутатхэмрэ кьыхаухьа унафэм кьежьапIэ хуэхъуащ 2005 гъэм ильэс 27 ныбжьым иту зи кьалэным пэрыува щIалэ гуащIафIэр цIыхухэм я псэкIэр егъэфIэкIуэнымрэ экономикэм нэхъри зегъэужьнымрэ псэемыблэжу зэрыгъэлэжьар. Апхуэдэу абы и зэфIэкI псори ирихьэлIащ мы щIыпIэм щыпсэу щIалэгъуалэр спортым дегъэхъэныным, зи гугъу тщIа спорт клубыр езыгъэщIри езы Фриевыр, гущIэгъунэщхуэ щаукIари абы и бжэлупэ дыдэрщ: ар щIэх-щIэхьыпэ кIэлъыплъыр уху1эныгъэхэр зэрекIуэкIым.

ЛЪОСТЭНМузэ.

●Тэрч куей

Куэдым сэбэп яхуохъу

Тэрч куейм сабий творчествэмкIэ и центрыр ди республикэм щынэхьыфIхэм ящыщщ. Къыдэкiуэтен щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэмрэ творческэ гупсысэрэ ябгъэдэлъхьэныр и кьалэн нэхъыщхьэу дажьэ Iуэхущ1апIэм къекIуалIэ щIыкIуэр мы зэманым и ныбжьэу дэзыкьэх уиэтIыныгъэхэм ящыщу экологиер, географиер, психологиер, ди щIыналъэм щыпсэу зыпэкъэм я кьеIуэкIыкIам гъунэгъу хуэзыщIу хъуэмэр этнографиемрэ.

ГЪЭ ЕДЖэГЪУэР нухьыу Iуэхум щрагъэкIуэкIынущ республикIэм творческэ зэхьэзэхуэхэм я район зэпеуэр, щIэныгъэ конференцию, щIалэгъуалэ «ТIол хъурей» зэIущIэхэр. Псом яущхьэращи, ныбжьыщIэ зэчинфIэхэм мыбы гупыитэшхуэ щIэлъ. Абыхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр дерс щхьэхуэзэкIэ хэIуащIыну ящI, ди республикэм и щIэныгъэлэIэр хэту зэIущIэхэр ирагъэкIуэкI. Апхуэдэу акъылым зезыгъэуэжьы шахмат-шашкэ кружокым къекIуалIэхэм гъэ кIуам къахэкIащ шахматымкIэ спортым и масэр цIэр кьхъыныным и кандидату 5.

Мы центрым и лэжьыгъэм республикэпсэ гулыитэ игъэуэтыным кьежьапIэ хуэхъуахэм ящыщу кьатытащ ныкъуэдыкIуэгъэ зыбгъэдэхь сабийхэмрэ хьэл гугъусыгъэ зиIэу кьалытытэжрэ жылагъуэ Iуэхуэхэм хэшэныр екъэIIауэ ягъэлажьэ социальнэ программэ щхьэхуэхэр. Апхуэдэ сабийхэм щадэлажь